



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SOULAJMAN FINANSYE AK ADMINISTRATIF POU TOUT LOPITAL NAN ETA NEW YORK YO

Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pral mande konpayi asirans sante yo pou peye touswit reklamasyon lopital ki annatant yo ak pou kolabore ak lopital ki gen plis nesosite yo pou bay asistans finansye anplis

Direktiv DFS la pral sispann tou kondisyon pre-otorizasyon pou tout sèvis lopital yo epi entèdi revizyon retwospektif reklamasyon lopital yo

Li konfime 5,526 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 257,216; gen nouvo ka nan 43 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la pral mande konpayi asirans sante yo pou bay soulajman nan peman lajan ak fasilite difikilte administratif yo pou lopital Eta New York yo an repons ak COVID-19 la. Soulajman ki bay ak lopital yo pandan pandemi an gen ladan peman imedya konpayi asirans yo pou kont yo dwe ki poko peye yo, sispannyon kondisyon pre-otorizasyon pou tout sèvis lopital yo ak entèdiksyon revizyon retwospektif reklamasyon yo.

DFS pral pibliye yon lèt sikilè ki mande konpayi asirans sante yo pou:

- Trete imedyatman reklamasyon lopital yo pou peman ki annatant yo;
- Nan kolaborasyon ak DFS, travay avèk lopital nan rezo konpayi asirans yo pou bay asistans finansye anplis si sa nesèsè ak posib, nan konsantre sou lopital kominotè, riral ak lopital pou moun defavorize yo;
- Sispann kondisyon pre-otorizasyon yo pou tout sèvis ki bay nan lopital yo, ki gen ladan travay laboratwa ak radyoloji, jiska 18 jen 2020;
- Pa reyalize revizyon retwospektif reklamasyon lopital, jiska 18 jen 2020, sa ki sijè ak kèk eksepsyon; epi
- Pa bay refi pou nesosite medikal ki gen rapò ak depatman dijans ak tretman lopital pou pasyan entènè pou COVID-19.

"Nou nan yon gwo moman nan kriz sa a kote nou finalman ap pase somè koub la men si nou fè yon move mouvman kounye a, I ap retade nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou kòmanse fè plan sou fason pou nou re-ouvri ekonomi nou an epi pou kòmanse tounen nan nouvo nòmal la men, pandan tan sa, nou dwe asire sistèm swen sante nou an ak lopital nou yo ki te enpòtan anpil nan konbat viris sa a jwenn sipò yo bezwen. Depatman Sèvis Finansye a pral pibliye yon direktiv bay konpayi asirans yo

pou bay soulajman finansye ak administratif pou lopital nou yo pou yo ka kontinye bay san danje ak byen rapid swen ke moun yo bezwen anpil nan moman an."

Finalman, Gouvènè a te konfime 5,526 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 257,216 ka konfime nan Eta New York. Nan total 257,216 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	737	33
Allegany	30	0
Broome	219	14
Cattaraugus	37	2
Cayuga	36	0
Chautauqua	26	1
Chemung	75	0
Chenango	79	0
Clinton	51	0
Columbia	117	4
Cortland	25	0
Delaware	50	1
Dutchess	2,391	60
Erie	2,233	86
Essex	22	1
Franklin	13	0
Fulton	28	1
Genesee	122	1
Greene	87	0
Hamilton	3	0
Herkimer	53	3
Jefferson	54	0
Lewis	9	0
Livingston	39	0
Madison	106	0
Monroe	1112	42
Montgomery	38	1
Nassau	31,555	476
Niagara	268	8
NYC	142,432	3,107
Oneida	301	17
Onondaga	526	12

Ontario	73	1
Orange	6,690	129
Orleans	56	3
Oswego	49	0
Otsego	49	0
Putnam	611	6
Rensselaer	186	3
Rockland	9,699	131
Saratoga	264	7
Schenectady	280	7
Schoharie	20	0
Schuyler	7	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	123	3
Steuben	171	1
Suffolk	28,854	700
Sullivan	561	6
Tioga	39	2
Tompkins	119	0
Ulster	913	20
Warren	108	6
Washington	73	5
Wayne	52	1
Westchester	25,276	620
Wyoming	40	4
Yates	11	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)